


# Kijan pou m fè yon Depo sou entènèt sou kont *Plan Dirèk Nouyòk 529* (*Direct Plan NY 529*) ou a

## Endikasyon sou Kòman Pou w Fè Depo sou Entènèt:


### Etap 1 - Konekte

Ale sou [nysaves.org](https://nysaves.org), Klike sou “Log on” anwo nan kwen ekran sou men dwat, epi antre non itilizatè ak modpas ou. Yo ka mande w pou w antre yon PIN yo voye sou telefòn ou.




### Etap 2 - kontribiye

Après w fin konekte, w ap wè tablodebò kont ou a. Adwat ekran an, klike sou, “Contribute - Save money for college.”



### Etap 3 - Chwazi Metòd Kontribisyon

Seleksyone opsyon pou w kontribiye elektwonikman sou kont bankè ou a, epi apre sa klike sou “Next.”



Kontinye sou pwochen paj la →

# Kijan pou m fè yon Depo sou entènèt sou kont *Plan Dirèk Nouyòk 529* (*Direct Plan NY 529*) ou a

## Endikasyon sou Kòman Pou w Fè Depo sou Entènèt (ap kontinye):

### Etap 4 - Chwazi Detay Konsènan Kontribisyon an

Nan pwochen paj la, yo pral mande w pou w antre detay konsènan kontribisyon w nan.

**Benefisyè:** Si ou gen kont pou plizyè benefisyè, chwazi timoun w ap ekonomize pou li a.

**Montan:** Montan minimòm kontribisyon se 1\$.

**Kontribisyon yon sèl fwa oswa regilye:** Chwazi si w ap renmen fè yon depo yon sèl fwa, oswa fè yon depo regilye otomatik. Si ou chwazi "Recurring" chwazi chak ki lè ou t ap renmen fè depo - chak mwa oswa twa mwa (yon fwa chak twa mwa). Ou kapab chwazi ki lè w t ap renmen kontribisyon regilye w la kòmanse.

**Chwazi Bank w ap itilize pou bay kontribisyon an:** Antre Routing number (nimewo woutin) ak nimewo kont bank ou t ap renmen itilize pou finansè kontribisyon w nan. Bank ou an dwe twouve l nan Etazini ak/oswa respekte règleman bank nan Etazini.

Yon fwa ou fin fè chwa w yo, klike sou "Next."

### Etap 5 - Revize e Konfime

Nan dènye paj la y ap mande pou revize enfòmasyon w yo epi konfime yo kòrèk. Asire ou revize paj la avèk anpil atansyon. Lè ou fini, klike sou "Submit." **Lè ou fin klike sou Submit, ou p ap ka chanje oswa anile tranzaksyon w lan.**

[Pwogram Ekonomize pou Inivèsite] NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi NYC Kids RISE Inc., mete sou pye, se yon òganizasyon charitab, ki an patenarya avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la. NYC Kids RISE pa ni afilye, ni yon distribitè otorize Pwogram Ekonomize pou inivèsite 529 Nouyòk epi li pa mande envèstisman oswa bay konsèy envèstisman. Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri okenn apwobasyon oswa rekòmandasyon konsènan, epi yo pa kontwole, ni posede oswa afilye avèk manadjè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite 529 Nouyòk ni okenn inivèsite patikilye oswa lòt envestisè, ki gen ladan youn fanmi yo ka aprann atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite an.